# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRIĞI

**Ózbekstan Respublikası Prezidentınıń «Jetim balalar hám ata-ana qaramaǵınan ayrılǵan balalardı tárbiyalaw'dı túpten jańalanǵan sistemasın engiziw is-ilajları tuw'rısında»ǵı qarardın orınlaw, Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2021-jıl 12-avgust kúngi 261-sanlı buyrıǵı tuw'rısında**

Ózbekstan Respublikası Prezidentınıń «Jetim balalar hám ata-ana qaramaǵınan ayrılǵan balalardı tárbiyalawdı túpten jańalanǵan sistemasın engiziw is-ilajları tuwrısında» 2021-jıl 9-avgusttaǵı PQ-5215 sanlı qararı hám Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2021-jıl 12-avgust kúngi 261-sanlı buyrıǵın orınlanıwın támiyinlew maqsetinde

**B U Y I R A M A N:**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentınıń 2021-jıl 9-avgusttaǵı PQ-5215 sanlı qararın hám Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2021-jıl 12-avgust kúngi 261-sanlı buyrıǵın orınlaw ushın basshılıqqa alınsın hám orınlanıwı támiyinlensin.

2. Usı qarar tiykarında 1-sanlı "Mehribanlıq úyi" Qaraqalpaqstan Respublikası Milliy gvardiyaǵa biriktirilgeni maǵlıwmat ushın qabıllansın.

3. Jetim balalar hám ata-ana qaramaǵınan ayrılǵan balalardı tárbiyalawdı túpten jańalanǵan sistemasın engiziw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası ministrliginiń is-ilajlar dásturi qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

4.Qaraqalpaqstan Respublikaıs Xalıq bilimlendiriw ministri orınbasarı (SH.Tadjimuratov), Balalardı sotsiallıq qorǵaw hám qollap-quwatlaw sektorı baslıǵı( A.Aymuratov) eki ay múddette

a) Ruwxıy-aǵartıwshılıq tárbiya hám mektepten tısqarı bilim bólimi baslıǵı (R.Tańırbergenov) penen birgelikte:

-jetim balalar hám ata-ana qaramaǵınan ayrılǵan balalarǵa tárbiya beriw, olardı pán, xabar texnologiyaları, shet tiller, kásip-óner hám isbilermenlikke oqıtıw, baslanǵın áskeriy tayarlıq hám sport penen shuǵıllanıwların shólkemlestiriw boyınsha jańa sistemanı ámeliyatta eńgiziw.

- Mehribanlıq úyi tárbiyalanıwshıları ortasında olar tárepinen erisilgen nátiyjelerin bahalaw arqalı oqıw-tárbiya orınlarınıń reyting sistemasın engizip barıw sharaları kórilsin:

b) Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, Qaraqalpaqstan Respublikası Milliy gvardiya basqarması hám Qaraqalpaqstan Respublikası Turizm hám sport ministrligi menen birgelikte:

Oqıw-tárbiya orınları tárbiyalanıwshıların hár jılı keminde eki márte oqıwdan bos waqıtları Ózbekstan boylap sayaxatqa alıp shıǵıw rejesi tastıyıqlansın.

5. Balalardı sotsiallıq qorǵau hám qollap-quwatlaw sektorı baslıǵı (A.Aymuratov), Ruwxıy-aǵartıwshılıq tárbiya hám mektepten tıs bilim bólimi baslıǵı (R.Tańırbergenov) **hár jılı 1-sentyabrge** shekem Berdax atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik Universiteti, Ajeniyaz atındaǵı Nókis pedagogikalıq

institutı, Qaraqalpaqstan Respublikası kásiplik bilimlendiriu basqarması, Qaraqalpaqstan Respublikası Milliy gvardiya basqarması menen birgelikte jańa oqıw jılı ushın joqarı oqıw orınları jetekshı professor-oqıtıwshılarınıń 1-sanlı "Mehribanlıq úyi" tárbiyalanıwshıların1 xabar texnologiyaları, shet tiller, anıq, tábiyi hám basqa pánlerge oqıtıw boyınsha fakultativ hám dógerek jumısları, sawbetlesiwler, pán olimpiyadaların shólkemlestiriw dásturi tastıyıqlansın.

6. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, Ministrliktiń Xalıq bilimlendiriw makemelerin qurıw, ońlaw hám úskeneleniw, imarat hám qurılmalardan paydalanıwdı muwapıqlastırıw, mámleket-jeke sherikshilik bólimi (I.Baltabaev) jergilikli hákimlerge "Mehribanlıq úyi" zárur sport inventarlar (balalardıń sport penen shuǵıllanıwı ushın barlıq sharayaların jaratılǵan halda), 20 dana zamanagoy kompyuter toplamları (úzliksiz Internet tarmaǵına jalǵanǵan halda), tikiwshilik, aspazlıq hám basqa tarawdaǵı dógereklerdi shólkemlestiriw qánigelestirilgen arnawlı xanalardı zarur materiallıq-texnik bazası hámde avtobuslar, mikroavtobuslar menen tamiynleniwine ámeliy járdem berilsin.

Barlıq rayonlıq, (qalalıq) xalıq bilimlendiriw bólimlerine tiyisli jumıslardı qararǵa muwapıq Reje tiykarında sapalı shólkemlestiriliwin hám barqulla qadaǵalawǵa alıp barıwın támiyinlew wazıypaları tapsırılsın:

7. Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalaw ministr orınbasarı SH.Tadjimuratovqa júklensin.

**Ministr** **R.Reimov**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI *

Nókis qalası.
2021-jıl "26" avgust
196/1 -sanlı